

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Sastra mangrupa hasil pamikiran jeung rasa manusa nu bisa ngaronjatkeun daya imajinasi. Hasil pamikiran manusa ngajanggélék jadi hiji karya tinulis nu eusina bisa mangrupa pangalaman atawa kajadian nu diréka-réka sakumaha hasil tina imaji pangarang. Salasahiji karya sastra nu jadi média pikeun ngébéhkeun pamikiran manusa nyaéta puisi.

Nurutkeun Pradopo (1987, kc.7) puisi mangrupa éksprési nu bisa ningkatkeun rasa jeung imajinasi pancaindera dina susunan nu miboga irama. Puisi ceuk pamadegan nu séjénna nyaéta karangan anu basana dirakit pinuh wirahma, kauger ku wangun jeung diksi, ungkara kalimahna henteu lancar atawa cara basa sapopoé (Isnendes, 2010 kc. 21). Tina dua pamadegan bisa dicindekkeun yén puisi téh mangrupa karya sastra éksprési ti pangarangna nu miboga maksud dina unggal kecapna.

Puisi di tatar Sunda bisa dipasing-pasing dumasar kana waktu gelarna nyaéta mangsa heubeul jeung mangsa anyar. Nurutkeun Isnendes (2010 kc.21) karya sastra puisi nu gumelar dina mangsa heubeul contona mantra jeung pupuh. Anapon karya sastra puisi anu gumelarna dina mangsa anyar nyaéta sajak.

Sajak kaasup kana karya sastra puisi nu geus populér di masarakat. Malah mah sajak kaasup kana karya sastra nu geus loba dibukukeun ku sawatara pangarangna. Lobana sajak nu ditulis tur dipublikasikeun tibatan puisi buhun lantaran cara nulisna teu kaiket ku lobana aturan saperti nulis puisi buhun. Sakumaha nu diébréhkeun ku Abidin & Koswara (2020), sajak mangrupa karya tulis wangun puisi nu teu kaiket ku aturan jeung miboga kabébasan dina nangtukeun ungkara, tipografi, jeung aspék puitika séjénna gumantung kana kréativitas jeung maksud panyajak dina ngaékspresikeun eusi. Sajak diciptakeun pikeun dibaca, dipikapaham, jeung dirarasakeun ku nu macana. Ngaliwatan sajak ogé panyajak nepikeun ajén-ajén kahirupan, saperti ajén kaagamaan, sosial budaya, politik, ékonomi jrrd.

Sajak sok dijadikeun média pikeun ngébréhkeun pikiran jeung pangalaman panyajakna. Ku kituna, eusi tina sajak teu leupas tina hal nu jadi pasualan dina kahirupan panyajakna. Éta hal ogé nu dilakukeun ku Yous Hamdan pikeun

ngébréhkeun pikiran jeung nu ka alaman ku Yous Hamdan ngaliwatan sajak. Sajak-Sajak Yous Hamdan tuluy dibukukeun nu ayeuna ngajangélék jadi buku kumpulan sajak nu judulna *Kalakay Budah*.

Yous Hamdan téh salah sahiji pangarang di tatar Sunda. Salah sahiji bukuna nyaéta *Kalakay Budah*. *Kalakay Budah* mangrupa buku kumpulan sajak karyana anu munggaran medal. Ieu buku medalna taun 1994. Pikeun karyana, Abdullah Mustappa kungsi nulis”...*salah satu yang menjadi ciri dalam karya-karyanya adalah gaya serta daya ucapnya yang tenang... gayanya dalam berpuisi pun terasa lembut, apik, jernih tapi tak kehilangan makna*”. Nurutkeun dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah*, sajak karya Yous Hamdan kungsi dimuat dina *Hanjuang, Manglé, Galura*, jeung *Giwangkara*.

Sajak-sajak Yous Hamdan kungsi dijadikeun référénsi sajak dina acara Gema Ramadhan nu diayakeun di kabupatén Tasikmalaya. Dina média warta Tasik dijéntrékeun yén ieu acara sok dilaksanakeun sataun sakali. Kategori pasanggirina aya lomba kaligrafi, Hafidz Qur’an, lomba Musabaqoh Sahril Qur’an (MSQ), lomba lagu Islami, *fashion show*, dakwah Islami, pilda’i, maca sajak Islami, jeung dongéng. Sajak nu kungsi Dipaké pikeun antologi sajak dina pasanggiri sajakna nyaéta, “Lagu Puja” pikeun jenjang SD, “Poé éta” pieun jenjang SMP, jeung “Balesan ti Muslim Bosnia keur Muslim Rohingya” pikeun jenjang SMA. Nurutkeun katerangan dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah*, aya sababaraha pangléler nu kungsi dicangking ku Yous Hamdan, diantaranya, (1) taun 1993 meunang pangleler hadiah Sastra Sunda Daéng Kandruan Ardiwinata ti Paguyuban Pasundan minangka juara kahiji widang sajak; (2) taun 1994 asup nominasi widang puisi hadiah Sastra LBSS, jeung (3) taun 2006 meunang hadiah Sastra Rancagé.

Dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* aya 65 sajak anu unggal sajakna miboga téma nu béda-béda, diantaranya aya téma sosial, agama, jeung cinta. Tina rupa-rupa téma dina buku *Kalakay Budah* katitén loba kalimah atawa kecap nu miboga maksud nu hésé dipikaharti upama teu diteuleuman leuwih jero deui. Contona waé dina cutatan sajak nu judulna “Néang Raratan”.

*taun taun urang nungguan layung surup*

*di dieu*

*bari ngadago tangkal loa nu disarandéan*

*pareng kembangan...*

Dina sempalan sajak “Néang Raratan” bisa katitén pangarang keur nungguan layung surup dina waktu mangtaun-taun. Ari dina kahirupan nyata, layung téh mangrupa cahaya konéng dina waktu panonpoé rék surup jeung kaluarna tara lila. Bisa ogé dina sempalan sajak éta ngagambarkeun yén pangarang téh umurna geus kolot keur nungguan umurna dipundut ku Gusti. Tina timbulna rupa-rupa maksud dina sajak, mangrupa hiji bukti yén sajak téh hésé dipikapaham ku nu macana. Ku kituna, kudu aya analisis nu leuwih jero pikeun maham kana eusi sajak.

Salah sahiji pamarekan nu dipaké pikeun maham kana sajak nyaéta ngagunakeun pamarekan struktural. Dina pamarekan struktural aya nu disebut adegan lahir jeung adegan batin sajak. Nurutkeun I.A Richard dina Isnendes (2018, kc.94), aya sababaraha bagian adegan batin puisi anu bisa dipedar, di antarana eusi, téma, amanat, suasana, jeung nada. Nurutkeun Alton C. Morris dina Isnendes (2018, kc.94), aya sababaraha bagian struktur lahir puisi anu bisa dipedar, di antarana aya tipografi, citraan atawa imaji, rima, majas jeung kecap kongkrét. Ku sabab ayana adegan lahir jeung batin sajak, sajak bisa diciptakeun jeung miboga kaéndahan dina unggal kecap atawa bait nu ditulis. Dina sajak, euweuh aturan atawa kaédah basa nu ngiket pikeun ngawangun hiji puisi. Salian ti éta, sajak sipatna konotasi, hartina unggal kecap miboga maksud anyar pikeun ditarjamahkeun ku pamaca saméméh maham maluruh sajakna. Kecap atawa kalimah dina sajak bisa miboga sababaraha maksud, éta hal nu ngajadikeun puisi leuwih éndah tina karya tulis séjénna.

Salian ti maham adegan lahir jeung batinna, sajak ogé bisa dititénan tina tanda atawa simbol nu aya dina sajak. Pamarekan sastra nu bisa digunakeun pikeun nalungtik tanda atawa simbol dina sajak nyaéta semiotik. Nurutkeun pamadegan Teeuw dina Ratih (2016, kc. 1) Semiotik mangrupa élmu sastra nu bener-bener pikeun maluruh konvensi-konvensi nu ayana hiji maksud. Pikeun maluruh maksud dina sajak Riffaterre méré pamahaman yén nalika rék nganalisis sajak kudu merhatikeun genep hal nyaéta pembacaan *heuristik*, pembacaan *heurmenitik*, matriks, model, varian, jeung hipogram.

Panalungtikan ngeunaan struktural jeung semiotik dina sajak geus aya nu nalungtik dina wangun skripsi, diantaranya nyaéta “Analisis Struktural Semiotik

dina Kumpulan Sajak *Waruga Garba* Karangan Eddy D. Iskandar” ku Nunung Sulastri (2005), “Kajian Semiotika kana Kumpulan Sajak *Kidang Kawisaya* karya Chye Retty Isnendes” ku Novianti Rahayu (2006), jeung Ulikan Struktural-Semiotik kana Kumpulan Sajak *Lagu Padungdung* karangan Deni Ahmd Fajar pikeun Bahan Pangajaran Maba Sajak di SMA” ku Arini Dwi Jayanti (2014). Salian ti dina sajak, panalungtikan ngeunaan struktural jeung semiotik dina sababaraha karya sastra Sunda ogé kungsi aya nu nalungtik, diantarana nyaéta “Wawacan Abu Nawas Transliterasi jeung Analisi Struktural Semiotika” ku Ranti Purnawa Dewi (2012) jeung “Puisi Mantra di Désa Cipanas Kacamatan Tanjungkerta Kabupatén Sumedang; Ulikan Struktural jeung Semiotik” ku Khafid Syarul Ilman (2017).

Aya sasaruuan dina ieu panalungtikan jeung panalungtikan anu dilaksanakeun saacanna. Sasaruuan dina ieu panalungtikan jeung panalungtikan anu dilaksanakeun ku Nunung Sulastri (2005), Novianti Rahayu (2006), Ranti Purnama Dewi (2012), Arini Dwi Jayanti (2014), jeung Khaffid Syahrul Ilman (2017), nyaéta sarua medar ngeunaan analisis struktural jeung semiotik dina sajak. Sanajan ampir sarua jeung panalungtikan saméméhna, nyaéta ngeunaan analisis struktural jeung semiotik, tapi tangtu aya bédana. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun objék garapan anu béda, sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan.

Ieu panalungtikan penting dilakukeun pikeun mikanyaho maksud dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan. Ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan unsur struktural jeung semiotik dina sajak. Dumasar kana katerangan di luhur, panalungtikan nu medar maksud dina sajak maké pamarekan struktural jeung semiotik dina sajak masih perlu dilaksanakeun anu judulna “Sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan (Ulikan Struktural jeung Semiotik)”.

## 1.2 Rumusan Masalah

Pamarekan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta struktural jeung semiotik. Ku sabab ambahan struktural jeung semiotik kawilang lega, ieu panalungtikan téh diwatesan medar ngeunaan struktural jeung semiotik dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan.

Sakumaha nu geus dipedar, sangkan ieu panalungtikan puguh jujutanana, masalah nu kaidéntifikasi dina ieu panalungtikan saperti ieu.

- 1) Can kapedar adegan sajak dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan.
- 2) Can kapedar ngeunaan maksud nu nyangkaruk dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan.
- 3) Teu kapahamna maksud tina unggal sajak lamun dibaca saliwat.

Dumasar kana idéntifikasi pasualan di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu.

- 1) Kumaha struktur lahir puisi dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan?
- 2) Kumaha struktur batin puisi dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan?
- 3) Kumaha unsur semiotik dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Tujuan panalungtikan kabagi jadi dua nya éta, tujuan umum jeung tujuan husus.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Luyu jeung rumusan masalah anu geus dipedar, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi ngeunaan maksud nu diulik ngagunakeun pamarekan struktural semiotik anu nyangkaruk dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan, sarta bisa jadi salah sahiji sumber informasi alternatif pikeun ngajéntrékeun ngeunaan maksud dina karya sastra sajak.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) adegan (struktur) lahir puisi (diksi, imaji, kecap konkrét, majas, jeung rima/purwakanti) anu aya dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan.
- 2) adegan (struktur) batin puisi (téma, nada, rasa, jeung amanat) dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan.
- 3) maksud anu nyangkaruk dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan nu diulik ngagunakeun pamarekan semiotik.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré mangpaat boh sacara tioritis boh praktis.

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh dina widang basa Sunda, hususna ngeunaan maksud dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa dipaké, di antarana waé:

- 1) pikeun nu nalungtik, hasil panalungtikan bisa dijadikeun hiji pangaweruh anyar pikeun nu maca ngeunaan maksud nu nyangkaruk dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan.
- 2) pikeun nu maca, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran maksud nu nyangkaruk dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan sacara ringkes. Sarta dipiharep bisa jadi motivasi pikeun saha waé nu hayang apal kana maksud naon waé nu nyangkaruk dina sajak Sunda.

## 1.5 Raraga Tulisan

Bab I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina medar ngeunaan tiori-tiori nu aya dina panalungtikan, eusina medar leuwih jero ngeunaan sajak, struktural, semiotik, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina medar ngeunaan métodologi panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik nganalisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina ieu bab dipedar sagemblengna hasil tina analisis panalungtikan nu dilaksanakeun. Eusina ngolah jeung nganalisis data nu aya patalina jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, sarta tiori nu aya di bab II.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Saran, mangrupa bagian pamungkas tina skripsi. Eusi tina kacindekan nyaéta ringkesan tina sakabéh hasil panalungtikan. Salian ti éta, aya saran nu ditepikeun panulis keur nu maca sangkan leuwih hadé dina panalungtikan kahareupna.